## Tálim - tárbiya teoriyası hám metodikası

# ГЕОГРАФИЯЛЫҚ БИЛИМ БЕРИЎДЕ ЖОЙБАРЛАЎ (ПРОЕКТ) ТЕХНОЛОГИЯЛАРЫН ҚОЛЛАНЫЎ

**Ж.Б.Абдираманов –** *үлкен оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**Ш.М.Беласарова –** *үлкен оқытыўшы*
*Қожа Ахмет Ясауи атындағы Халықаралық қазақ- түрк университети*

**Таянч сўзлар**: лойиҳа, инновацион методлар, педагогик технологиялар, креатив фикрлаш, педагогик ҳамкорлик, ўқув вазият, суҳбатга киришиш.

**Ключевые слова:** проект, инновационные методы, педагогические технологии, креативное мышление, педагогическое сотрудничество, учебные ситуации, вступление в диалог.

**Key words:** project, innovative methods, pedagogical technologies, creative thinking, pedagogical cooperation, training cases, openning a dialogue.

Ҳәзирги күнде еллеримиз мектеплериндеги билим бериў системалары Билимлендириў ҳаққындағы Нызамының талапларына сәйкес әмелге асырылады. Усынылып отырған жумыста ҳәр бир педагогтың өзиниң кәсиплик хызметинде заманагөй билим бериўдиң ҳәр қыйлы усылларын, өз бетинше тәсиллерин, технологиялары менен қуралларын нәтийжели ҳәм пайдалы түрде қалай қолланыў кереклиги анық ҳәм де түсиникли түрде көрсетиледи.

Бүгинги күни пүткил дүньяда, соның ишинде бизиң еллеримиздеги билим бериўдеде ең баслы ўазыйпамыз – берилетуғын билимди системалы түрде жеткизип, билим алыўшылардың билим дәрежесин жоқарылатып, раўажландырып, жаңа билимлерди меңгерип, алған билимин тек ғана оқып, ол бойынша алған информацияларын қайталап ғана қоймастан, сол алған билимин дөретиўшиликке бағдарлап, пайдалы жаңалықларды аша алатуғындай, өз ой-пикирин анық ҳәм өзгеше формада жеткизе алатуғын, алған билиминен нәтийже шығарыўға сәйкес шахсларды қәлиплестириў болып табылады.

Билим бериў мекемелериниң ўазыйпасы оқыўшыларды оқыў искерлигине бағдарланған мақсет қойыўға, оқыў машқалаларын шеше билиўди үйретиўге, мәлимлемелик кеңисликти менгериўге, алған билимлерин әмелде қоллана билиўге байланыслы болып қалмақта.

Мектеп пәнлери арасында география курсы айрықша қызықлы пән болып есапланады, себеби ол оқыўшыларды қоршаған орталық ҳаққындағы ҳәр қыйлы билим тийкарлары менен қураллandырады. География пәни тийкарында оқыўшылардың санасында түрли географиялық ўақыялар менен қубылысларды өз бетинше изертлеп, излениўге деген умтылыс пайда болады. Пәнниң мазмуны менен дүзилиси оқытыўдың жаңа технологиялары менен стратегияларын байланыслы жойбарлаў технологиясын кеңнен қолланыўға мүмкиншиликлер туўдырады.

Жойбарлаў технологиясы ең дәслеп XX әсирдиң басында АҚШтың аўыл хожалық мектеплеринде әмелге асырыла баслаған. Бұл усылдың тийкарғы идеялары америкалық алымлар Д.Дьюи, У.Килпатрик, Э.Торндайк идеяларынан алынған. Кейиннен дүньяның ҳәр қыйлы еллеринде кеңнен белгили болып, қолланыла баслаған [5:22].

Бул усылдың кең таралыўының бас себеби қоршаған орталық ҳаққындағы билим тез жылдам өзгерип атырған жәмийеттеги мәлимлеме ағымының айрықша өсип кетиўи менен оқыўшыларға билимди тайын түринде ғана берип қалмастан, оларға усы билимди қалай ҳәм нениң жәрдеми менен алыўға болатуғынын және мәлимлеме кеңислигинде өзин еркин сезе отырып, оқыў мақсетлерин өз бетинше анықлаўды үйретиўди талап етип отырған, жаңаланған билим бериў концепцияларының шәртлери менен анықланады [3].

Оқыў жойбарлары оқыўшылардың билиў қызығыўшылықларын раўажландырыўда әҳмийетли билим бериў қуралы ретинде танылған. Жаңаланған билим бериў концепциясы талапларына сай билим бериўдиң усы формасы оқыўшылар менен жумыс алып барыўда кеңнен қолланылыўы керек, бирақ бул методты қолланыўға арналған жәрдемши методикалық қолланбалар менен ресурслар оғада азшылықты қурайды. Ҳәзирги күнде педагог ҳәм психолог алымлар арасында жойбарлық технологияларға болған қызығыўшылықтың артыўына қарамастан, тәбийий пәнлерди оқытыўда жойбарлық технологиялар арқалы оқыўшылардың дүнья таныў қызығыўшылықларын раўажландырыў мәселесине жетерли кеўил бөлинбей атыр. Сонлықтан бул мәселе географиялық билим бериўдеги жойбарлық технологияларды қолланыўдың әҳмийетлилигин және бир рет тастыйықлайды.

Жаңартылған билим бериў концепцияларына сай мектептеги жойбарлар оқыў процесиниң нәтийжелилигин арттырыўға ҳәм де баланың пәнге деген қызығыўшылығын раўажландырыўға себепши болатуғын билим бериўдиң ажыралмас бөлимине айналыўы керек.

Жойбар дегенимиз – дәл ўақытта жоқ, бирақ құрастырылыўы, жасалыўы тийис заттың, мазмунының анық болжамы, соның менен қатар ол жағдайды ямаса мазмунды зәрүрли түрде керекли бағдарға қарай өзгертетуғын технология. Жойбар–оптималь усыллардың жәрдеми менен алдын-ала режелестирилген нәтийжеге жетиўге, анық машқаланы шешиўге бағдарланған жумыс болып есапланады. Жойбардың дүзилисине жойбар нәтийжесине жетиўдиң усылы ретинде баяннамалар, рефератлар, изертлеўшилик ҳәм оқыўшылардың басқа да өз бетинше дөретиўшилик жумысларының элементлери кириўи мүмкин. Жойбарлық жумыс–нәтийжеси алдын-ала белгисиз дөретиўшилик, излениўшилик мәселелерди шешиў менен тығыз байланыслы жумыстың түри. Сабақ барысында ҳәм сабақтан тыс орынланатуғын жойбарлық жумыслар оқыўшылардың өз бетинше излениўлери арқалы изертлеўшилик ис-ҳәрекети уқыпларын, ойлаўдың изертлеўшилик түрин меңгериўлерине, соның менен қатар оқыў барысында белсендилик принциплерин қәлиплестириўге, функционаллық саўатлылықларын раўажландырыўға имкан береди [5].

Жойбар методы дегенимиз–оқытыў системасы ямаса технологиясы. Бул технологияны қолланыў барысында муғаллим өз жумысын анық режелестиреди, тийкарынан әмелий билим беретуғын жойбарлық тапсырмаларды дүзеди ҳәм оларды биримлеп қурамаластырып отырады. Оқыўшылар муғалимниң басшылығы менен ҳәм де өз бетинше излениў арқалы әмелий билим менен маманлықты өзлестиреди.

Билим бериўдиң қабыл етилген нормативлик ҳүжжетлерине тийкарланып, жойбар дүзилисин төмендегише басқышларға бөлиўимизге болады:

1. Таярлық: жойбар темасын таңлаў: оқыўшы жолдаслары ҳәм де муғаллим менен ойласа, отырып,

социальлық әҳмийети бар, актуаль мәселени анықлап, таңлаўы керек;

2. Мақсет қойыў: машқаланы ҳәм ўазыйпаларды анықлаў;

3. Реже дүзиў: машқаланы қалай шешиўге болатуғынын, оны орынлаў усылларын талқылап, оқыўшылар топарында рольлерди бөлиў. Бул дәўир мұғалимнен оғада үлкен жуўапкершиликти талап етеди. Себеби, топар ағзалары арасында атқаратуығын жумысты орынлаў бойынша келиспеўшиликлер келип шығыўы мүмкин. Сонлықтан мұғалим ҳәр оқыўшының қәбилети менен жеке өзгешеликлерин есапқа ала отырып, олардың өзине ылайық функциялар менен ўазыйпаларды дурыс бөлистириўге умтылыўы тийис.

4. Орынлаў: жумыс нәтийжелерин алыў, усы дәўирде оқыўшылар өзлериниң белгили бир ўақыт ишинде шуғылланған жойбарлары бойынша изертлеўлерине жуўмақ жасаўға үлгериўи керек;

5. Таныстырыў (презентация): жумыс нәтийжелери менен таныстырыў;

6. Рефлексиялық-баҳалаў: улыўмаластырыў, жәмлестириў, жуўмақлаў-оқыўшылар өзлериниң орынлаған жойбарлары бойынша өзлериниң жумысына талқылаў жасай отырып, баҳа береди, жойбардың қойылған мақсетке жетискенлигин, күтилген нәтийжеге ерисиў дәрежесин анықлап, қәлиплестиреди;

Усы айтылғандарды жәмлеп, талқылай отырып, төмендеги кесте түринде усыныўға болады.

**Кесте 1.**

| Дәўирлер/ бөлимлери | Басқышлары/тараўлары |
|---|---|
| **Изертлеўди режелестириў** | |
| **Дереклер (ис-точниклер) менен жумыс алып барыў** | Дерек түрлери |
| | Дереклер менен жумыс ислеў алгоритми |
| | Академиялық әдиллик принциплери |
| **Экспериментти өткериў** | изертлеўди жүргизиўге шараят жаратыў |
| | Дереклерди анықлаў, өлшеў, белгилеп жазыў |
| **Мағлыўматлар-ды редакторлап талқылаў** | Эксперимент мағлыўматларын редакторлаў усылларын таңлаў |
| | Эксперимент мағлыўматларын жазып алыў |
| | Нәтийже менен жуўмақты талқылаў |
| **Нәтийжени усыныў** | Изертлеў нәтийжелерин көрсетиў формаларын таңлаў |
| | Презентациялаў техникасын таңлаў |
| **Жойбарды басқарыў** | Баҳалаў, рефлексия |

Жойбарлық метод пенен жумыс ислеў–бул мұғаллимнен жоқары кәсиплик шеберликти талап ететуғын, жоқары қурамалылық дәрежесине ийе педагогикалық хызмет, соның менен қатар жойбарлық жумысларға қойылатуғын талаплар да өзгеше болады. Мәселен:

– жойбарды орынлаў ушын дус келген мәселени ала бермей, социаллық әҳмийети бар машқала табыў керек–бул шөлкемлестириўи оғада қыйын ҳәм шешимин педагог пенен билим алыўшылардың бирлесе отырып шешиўи керек болған ўазыйпа болып табылады;

–жойбарға қатнасыўшылар, яғный педагог пенен оқыўшылар тәрепинен орынланатуғын жойбардың түрин, формасын, темасын анық таңлаў керек;

–жумысқа кириспестен алдын жойбардың мақсетин, нәтийжесин, орынланатуғын ис-ҳәрекет түрлериниң қандай болатуғынлығын анықлап алыў керек.

Бул жумыстың тийкарғы ўазыйпаларынан географиялық билим бериўде оқытыўдың жойбарлық технологияларын қолланыў арқалы оқыўшылардың дүнья таныў көнликпесиниң раўажланыўы менен компетенцияларын қәлиплестириў мәселелерин теориялық жақтан тийкарлаў ҳәм эксперимент түринде қадағалаў болып табылады.

Усы мақсетке сәйкес төмендегидей изертлеў ўазыйпалары анықланды:

1. Изертлеўдиң мазмуны бойынша әдебий дереклерге талқылаў жасаў, оқыўшыларда компетенцияларды қәлиплестириўдиң педагогикалық мазмунын ашып көрсетиў;

2. География пәни бойынша оқыўшылардың билиў қәбилетлилигиниң раўажланыўын арттырыўдағы оқыў жойбарларының мүмкиншиликлерин анықлаў;

3. Жойбар, жойбар түрлери, жойбардың дүзилиси ҳәм компетенциялық жойбарды шөлкемлестириў бойынша түсиниклердиң мәнисин ашып бериў;

4. Орта мектеп классларындағы география пәни бойынша жойбарластырыў технологиясын оқыў процесине ен жайдырыў бойынша методикасын дүзиў;

5. Тәжирийбе жумысының нәтийжелерин талқылаў ҳәм ўлыўма жуўмақ жасаў;

Заманагөй билим бериў жумысындағы баслы обьект келешек әўладтың билимин, шеберлигин ғана қәлиплестириў менен шекленип қалмастан, олардың санасында керекли мағлыўматларды өзлери излеп таўып, талқылай алатуғын ҳәм оны нәтийжели пайдалана отырып, ҳәзирги қурамалы заманға ҳәм жәмийетке жуўап бере алатуғын, хызмет жасаўға қәбилетли унамлы шахслық компетенцияларды қәлиплестириў болып табылады.

Жуўмақлап айтқанда билим алыўшылардың системалы компетентлигин раўажландырыў машқаласы бойынша жумыс ислеў жойбарлық методларды билим бериў процесинде қолланыў мәселелерин илимий-әмелий тәжирийбеде жәмлестирип, алған нәтийжелер бойынша «География сабақларында жойбарлық технологияларды қолланыў» мазмунындағы методикалық көрсетпе тайынлаў керек деп есаплаймыз.

**Әдебиятлар**


1. Алтынсарин атындағы ҰБА ұсынған 6–9-сыныптарға арналған «Жойбарлық ис-әрекет» пәни бойынша қысқа мерзимди жоспарды әзирлеу жөниндеги әдистемелик құралда жойбарлық.

2. Организация проектной деятельности в образовательном учреждении. /Сост. С.Г.Щербакова. –Волгоград: ИТД «Корифей», 2007. –С. 96.

3. https://nsportal.ru/konovalova-t-v

4. Николина В.В. Проектное обучение в школьной географии: теория и практика: практико-ориентированная монография. Федеральное агентство по образованию. Нижегородский гос.пед. ун-т. Нижний Новгород: Нижегородский гос. пед. ун-т. 2008. –С. 107 с.: ил., табл.; 21 см.; ISBN 978-5-85219-153-3.

5. Захаров А.Г. Использование метода проектов в обучении географии. География и экология в школе XXI века. № 4. 2007.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада география фанини ўқитишда янги замонавий технологиялар, яъни лойиҳалаш технологияси оркали мактаб ўкувчиларининг билимини, маҳоратини ҳамда креатив ривожлантириш методларининг муҳим аҳамияти очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье раскрыто значение обучения технологии, то есть на основе проектной технологии в развитии знании, навыков и креативного мышления учеников средней школы при обучения географии.

**SUMMARY.** The article reveals the importance of technology training, that is, based on project technology in the development of knowledge, skills and creative thinking of secondary school students when teaching geography.